



Department of Environmental Protection

One Winter Street Boston, MA 02108 • 617-292-5500

Charles D. Baker
Gouvènè

Karyn E. Polito
Lyetan Gouvènè

Bethany A. Card
Sekretè

Martin Suuberg
Komisyonè

AVI SOU ODYANS PIBLIK

Tit 5 Ak Pèmi Regleman Konsènan Basen Vèsan

Avi Odyans Piblik Sa a disponib nan lang altènativ yo (Espanyòl -- Tiếng Việt -- Chinwa -- Kreyòl Ayisyen -- Pòtigè ---- Khmer) Sou sitwèb MassDEP la: <https://www.mass.gov/service-details/massdep-public-hearings-comment-opportunities>

Yo bay yon avi ki dapre M.G.L. c. 30A Ministè Pwoteksyon Anviwònman (MassDEP) ap pwopozè amandman Kòd Anviwònman Eta a, Tit 5, 310 CMR 15.000, epi pibliye nouvo regleman yo, ki gen tit Regleman Pèmi Basen Verten, nan 314 CMR 21.00, dapre otorite M.G.L. c. 21A § 13, G.L. c. 21 § 27, ak Seksyon 2A nan Chapit 259 nan Lwa 2014 yo. MassDEP ap pwopozè pou amande regleman Tit 5 la pou amelyore pwoteksyon Bè (baie) ak flèv yo—patikilyèman sou Cape Cod, nan zile yo ak sidès Massachusetts—kont polisyon nitwojèn ki soti prensipalman nan dlo ize. Regleman MassDEP pwopozè nan 314 CMR 21.00 bay yon apwòch otorizasyon basen vèsan ki pèmèt yo kontwòle nitwojèn ak lòt polyan ki pa antre nan bè ak anbouchi yo.

Amanman ak regleman ki pwopozè yo disponib sou sit entènèt MassDEP la: <https://www.mass.gov/service-details/massdep-public-hearings-comment-opportunities>

Kòmantè Piblik Ak Odyans

MassDEP pral òganize twa odyans piblik.

An pèsòn & adistans, MassDEP, 20 Riverside Dr., Lakeville, MA, 30 novanm 2022 a 6:00 p.m. Enskri alavans pou sesyon adistans nan:

https://us06web.zoom.us/webinar/register/WN_oay0_6bGTjeEUzevfxm7Jg

Adistans Sèlman, 1ye Desanm 2022 apati 1:00 p. m. Enskri davans nan:

https://us06web.zoom.us/webinar/register/WN_BTOR_A3oSI6EZm56mYdoRw

An pèsòn & Adistans, Barnstable Town Hall, 367 Main St, Hyannis, MA, 5 Desanm 2022 apati 6:00 p. m. Enskri davans pou sesyon adistans nan:

https://us06web.zoom.us/webinar/register/WN_f_YXLbaZRRyJsmdYrtDjNQ

Aprè enskripsyon pou sesyon adistans, ou pral resevwa yon imèl konfimasyon ki gen enfòmasyon sou reyinyon an. Ou pa bezwen enskri davans pou patisipe nan youn nan odyans yo an pèsòn. Kòmantè sou revizyon ki pwopozè yo ka prezante aloral nan odyans piblik la.

Kòmantè alekri yo pral aksepte jiska 5:00 p. m. nan dat 16 Desanm 2022. Tout kòmantè ki soumèt dwe genyen non ak enfòmasyon kontak moun ki fè kòmantè yo. Tanpri voye kòmantè yo sou imèl

dep.talks@mass.gov epi yo dwe genyen ladan *Tit 5 & Pèmi Regleman Basen Vèsan* nan liy sijè a. Kòmantè alekri ka soumèt tou nan lapòs epi yo ta dwe voye Nan MassDEP, Biwo Water Resources -- Divizyon nan Jesyon Basen Vèsan, ki nan Winter Street, 5^{yèm} etaj, Boston, MA 02108, Atansyon: Tit 5 & Pèmi Konsènan Basen vèsan.

Pou aranjman espesyal odyans sa yo, tanpri rele Biwo Divèsite MassDEP nan 617-348-4040. TTY# Sèvis MassRelay 1-800-439-2370. Enfòmasyon sa a disponib sou demann nan lòt fòm.

MassDEP ofri sèvis entèprèt/tradiksyon pou moun ki pa gen anpil konesans nan lang anglè. Si w bezwen yon entèprèt pou patisipe nan reyinyon sa a, ou ka jwenn sèvis tradiksyon nan lyen sa a: <https://www.mass.gov/info-details/massdep-language-translation-assistance>. MassDEP gen entansyon bay tradiksyon espanyòl ak pòtigè nan odyans piblik yo. Tanpri bay yon avi 72 èdtan davans si yo mande plis sèvis tradiksyon.

Selon lòd Depatman Pwoteksyon Anviwònman an

Martin Suberg, Komisyonè